

Subject: Lisdatant pou kindergarten ak pou elèv ki gen don ak talan (Gifted and Talented) ap fèmen 22 septanm

Chè fanmi,

Nou swete pitit ou a kontan anpil pou kòmansman ane lekòl la! Lisdatant pou kindergarten ak pou elèv ki gen don ak talan (Gifted and Talented) pou ane lekòl 2023-2024 la ap fèmen vandredi 22 septanm. Se dènye dat pitit ou a ka resevwa yon òf sou lisdatant. Apre dat sa a, kontakte lekòl yo dirèkteman pou aksepte yon òf sou lisdatant. Kòm yon rapèl, ou ka wè nan ki pozisyon ou ye ak òf yo fè w sou lisdatant yo nan kont [MySchools](#) ou a, lè w klike sou bouton "View Results and Waitlists" epi klike sou "View Waitlists." La a, ou pral wè nenpòt òf yo fè w anba "Offers." Yo voye imèl ba ou tou lè ou jwenn yon òf lisdatant.

Pou kindergarten – Si ou poko enskri lekòl, tanpri kontakte lekòl ki pou sektè zòn ou an dirèkteman pou jwenn plas. Ou ka konfime ki lekòl ki pou sektè zòn ou an [la a](#). Si kote ou rete a pa gen yon lekòl zòn, ou ka kontakte Sant byenveni pou fanmi (Family Welcome Center) (schools.nyc.gov/FWC) ki pi pre w la pou ede w.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou lisdatant, ale sou (schools.nyc.gov/waitlists).

Pou klas 1-4yèm ane pwogram *Gifted and Talented* – 22 septanm se dènye jou ou ka resevwa yon òf sou lisdatant pou ane lekòl ki ankou a. Si w enterese patisipe nan admisyon pou ane pwochèn, tanpri asire ou mete non w sou lis pou jwenn mizajou sou pwosesis la la a schools.nyc.gov/SignUp).

Bon siksè,

Ekip pou admisyon nan lekòl primè

Biwo enskripsyon elèv

Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w? Asire w mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon nan lekòl segondè ak/oswa lekòl presegondè nan schools.nyc.gov/SignUp. Si w ta renmen retire non w pou w pa resevwa pwochèn mesaj sou admisyon nan lekòl prime, tanpri klike [la a](#).